

## RINGKESAN

Kiwari, wacana ngeunaan kerja sama internasional sanes ngan interaksi nu didamel ku nagara salaku palaku utama, palaku salain nagara oge tiasa meranan. Dina perkawis ieu Pamarentah Dayeuh Bandung nyandak peran kasebat kalawan ngalakukeun kerja sama internasional kalawan Dayeuh Kawasaki. Kerja sama nu dimaksud nyaeta Kerja Sama *Sister City*. Di taun 2016 antawis Bandung sareng Kawasaki, ngalarapkeun penandatanganan MoU haturan milampah kerja sama di widang lingkungan hirup. Lingkungan hirup mangrupa unsur anu paling raket patalina jeung kahirupan manusa, upama lingkungan ruksak, kamungkinan kahirupan manusa bakal kaganggu. Kaayaan ieu lumangsung di dayeuh-dayeuh ageung nu padet penduduknya. Kapadetan penduduk gaduh pangaruh anu ageung kana parobahan lingkungan, hususna dina nyumbang kana produksi runtah. Masalah runtah tiasa micu timbulna masalah anu langkung kompleks upami henteu direspon sacara serius. Hal ieu nu kaalaman ku Bandung sarta Kawasaki, lantaran duanana kantos ngalaman sajarah “bom runtah” nu jadi agenda serius anu kedah di rengsekeun. Nanging, Kawasaki parantos sukses tiheula dina nungkulan masalah ieu. Kasuksesan Kawasaki, parantos ngamotivasi Bandung pikeun nungkulan masalah anu sarua.

Panalungtikan ieu boga tujuan pikeun ngajentrekeun mekanisme kerja sama internasional antawis dua kota dina widang pangalolaan runtah. Hipotesis dina panlungtikan ieu nyaeta, Kerja Sama *Sister City* Bandung – Kawasaki dina widang lingkungan ngaliwatan sistem pangalolaan runtah, bakal mangaruhan kana ngaronjatkeun kualitas SDM jeung kamampuh Dayeuh Bandung dina ngalola runtah. Hal ieu ditandaan ku turuna jumlah produksi runtah di Dayeuh Bandung. Metode anu dipake dina panalungtikan ieu nyaeta deskriptif - kualitatif, yaktos kalawaan ngalakukeun wawancara ka Staff Kerja Sama Luar Negeri Dayeuh Bandung sarta Staff Bank Runtah Resik Dayeuh Bandung. Sajabi ti eta panulis ngagunakeun data sekunder ti buku, jurnal, dokumen resmi, website, sarta sumber sejen anu luyu.

Hasil uji hipotesis dina panalungtikan ieu nuduhkeun yen ayana Kawasaki salaku mitra kerja sama, parantos muka kasempetan anyar pikeun Kota Bandung ngaronjatkeun kualitas SDM jeung kapasitas kota dina ngalola runtah, kukituna ngurangan jumlah produksi runtah kota.

Panalungtikan ieu nyimpulkeun yen Kerja Sama *Sister City* Bandung-Kawasaki dina pangalolaan runtah ngaliwatan transfer ilmu ngaliwatan kagiatan sosialisasi jeung edukasi, sarta transfer teknologi, ngaruhan ka kanaekan SDM sarta kanaekan kapasitas Dayeuh Bandung dina ngalola sarta ngurangan produksi runtah kota saloba 17% dina ti warsih pamungkas.

**Kecap Konci:** *Sister City*, Bandung, Kawasaki, Pangalolaan Runtah, Transfer Ilmu, Transfer Teknologi.